Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 3 (9963) 19 январь 2024 с. / Рузман 8 ражаб 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Аппараталъул данделъиялда...

16 январалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана араб соналъ районалъул администрациялъ планалде росун рукIарал масъалаби тIуразариялда, гьаб соналъул план тасдикъ гьабиялда, администрациялъул архивалъул хIисабкьеялдагун гьелда цере чIарал масъалабазда хурхарал суалал.




ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабизе цее яхъана администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова. Гьелъ, хасаб таблицаялдалъун, гьениб бихьизабуна араб соналъул план тIубаялда сверухъ районалъул администрациялъ, гIуцIабазе нухмалъулел, росабазул бутIрул ва цогидал хIажалъи ккарал жавабиял хIалтIухъабиги гьоркьоре рачун, гьабураб хIалтIул хIакъикъат.

Гьеб планалда рехсарал киналниги суалал тIуразариялъул хIакъалъулъ лъагIелалъ хъван букIана администрациялъул, «Салатавия» изданиялъул ва Интернеталъул цогидал сайтаздаги «Чапар» газеталъул гьурмаздаги.

Марьям-Асиятил рагIабазда рекъон, араб соналъул планалде росарал суалазул цонигияб тIубачIого хутIун гьечIо.

Гьелъул кIалъаялда хурхун, И. Шабазовас абуна:

*«Нилъеда бихьула араб соналъул планалде росун рукIаралщинал суалал, аслияб къагIидаялда, тIуразарун рукIин. 2024 соналъул планалъулъе ккезарурал суалал руго, администрациялъул структураялде кколел подразделениябазул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулезул планал хIисабалдеги росун, тIуразариялъе тIаде росарал.*

*Гьаб соналъул планалъулъ руго араб соналъулъе ккечIел суалалги. Гьединго, гьенир руго араб соналъ «бегIерго» цере чIун рукIарал суалалги»*,-ян.

Марьям-Асиятица гьабураб кIалъаялда тIасан И. Шабазовас предложение кьуна щибаб кварталалъул ахиралда администрациялъ планалде росарал суалал бетIералде рахъинариялъе гьабураб хIалтIул хал гьабизе.

Гьединго, гьес росабазул бутIрузда лъазабуна Россиялъул президент вищиялде хIадурлъиялъе рищиязул участкабазе кумек гьабизе жидеда тIадаб букIин ва гьел ахIана гьелъулъ тасамахIлъи биччангутIиялде.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна районалъул администрациялъул архивалъул бетIерай специалист Сайгидат Булатхановалъ.

Гьелъ, гIатIидгьабун ва цифрабаздалъун, гьениб бицана архив цIуниялда, гьенире росулел документал цойиде ккезариялда сверухъ араб соналъ гьабураб хIалтIул, гьенир гIолел-гIоларел рахъазул, дандчIвалел захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Сайгидатица абуна: *«Планалда рекъон, араб соналъ архивалда цIуниялъе бихьизабун букIана 185 документ, амма хъвай-хъвай гьабуна 485 документ цIуниялде босиялъул. Гьезда гьоркьор руго районалъул депутатазул Собраниялъул 63, администраниціялъул 287 (2015-2018 с.с.), физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул 86 (2012-2018 с.с.), Ленинаул росдал администрациялъулгун (60, 2012-2018 с.с.) депутатазул Собраниялъул (4, 2015-2018 с.с.) документал. Рехсарал гIуцIабаз цIуниялде кьурал документазул къадар, цогидаз кьурал документазул къадаралде данде ккун, бищун цIикIкIараблъун ккола. РДялъул юстициялъул министерствоялъул эксперталъу- лабгун халгьабиялъул комиссиялде гьаб соналъ кьезе хIадур гьарун ва рекъезарун руго Дилим, Калининаул ва Алмахъ росабазул администрациябазул документал хIадуриялъул къагIидаби. Гьединго, гьаб соналъ цIуниялде докуменатал кьезе ккола Гуни, Буртунай ва Калининаул росабазул администрациябазгун депутатазул собраниябаз ва «Гьудуллъи» СПКялъ»*,-ан.

Гьелъул рагIабазда рекъон, дандчIвалел захIмалъабазул цояблъун кколеб буго росабазул администрациябаз, учреждениябазгун организациябаз ва цогидаз, законалде данде кколеб къагIидаялда хъвай-хъвайги гьабун, архивалде документал кьунгутIи.

ЛъагIалил ахиралде гьез делаби къалелги архивалде кьолелги гьечIо. Къокъгьабун абуни, букIине тIадаб бербалагьи гьеб рахъалде цо-цояз гьабулеб гьечIо. Гьедин гьабулезда, Сайгидатил рагIабазда рекъон, лъазе ккола законалда цебе жидеца жаваб кьезе кколеблъи.

Унгоги, нилъер гIадамазда гьоркьор гIемерал ратиларо, хасго чIахIияб гIелалда, архивалдаса кинаб букIаниги информация жидее хIажалъичIел. Цоязе гьеб хехго щола, цогидазейин абуни, гьеб халатаб заманалъ щоларо яги щвезегоцин щоларо. Гьедин букIиналъе гIиллалъун ккола, заманалда ва букIине кколеб къагIидаялда, архивалде информация кьун букIинчIеблъи.

Гьаб заманалда информация хъваялъеги гьеб цIуниялъеги гIезегIанал бигьалъаби руго. Гьеб хъвазе ва цIунизе бегьула компьютеразда, флешкабазда, дисказда ва, Интернеталъ гьелъие гIатIилъаби чIезарун руго.

Россиялъул президент вищиялде хIадурлъиялда сверухъ районалда тIоритIизе планалде росарал суалазда тIасан гьенив кIалъана ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник Ибрагьим МухIамадов.

Гьес абуна: *«Президент вищиялъул къоял гIуцIиялда нухда тIамиялда тIад хIалтIулеб хасаб комиссиялъ рищиязул участкабазул хал гьабизе буго. Гьез, тIоцебесеб иргаялда, цIаккеялдаса, терракталгьариялдаса рищиязул участкаби цIуниялъе гьабураб хIалтIул хал гьабизеги буго.*

*Лъалеб букIахъе, цIикIкIунисел рищиязул комиссиял школазда хIалтIизе руго, гьелъ, школазул директорзабазде гьари буго гIуцIиялда рищиял тIоритIиялъе квербакъе»*,-ян.

Гьенибго И. Шабазовас экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевасда тIадкъана гIадамал раччулеб техникаялъе хасаб график чIезабизеги, гьелъие чIолеб бакIал рихьизаризеги, налогазул органазда гьелъул хъвай-хъвай букIинабизеги.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

---

## Инвестициял рачIинари мурадалда...

Нилъеда лъала магIишатияб, социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъе инвесторал (жидер гIарцудалъун батIи- батIиял ишал гьариялъе рес бугел гIадамал, ялъуни гIуцIаби) ралагьулеллъи. Хасго гьаб заманалда гьеб рахъалде кIудияб кIвар кьунги буго.



Ахириял соназ Дагъистаналда туризм цебетIезабиялда тIад гIемераб хIалтIи гьабуна, узухъда, нилъер районалдаги гьеб рахъалде кIвар буссинабун буго. Туристал рачIиналъе хIадур гьарурал объектазда гьоркьоб «Главрыба» гIуцIиялъ аслияб бакI кколеб букIин лъаларелги нилъеда гьоркьор ратиларо. Гьенире рачIаразе хIухьбахъиялъе чIезарурал шартIал рехсезеги, дир пикруялда, хIажалъи гьечIо, щай абуни, нилъер гIадамазул цIикIкIунисеб къадар гьенибе щун букIиналда божи букIун.

Россиялъул бакI-бакIаздаса гурелги, гIадамал гьенире щола, гьеб рахъал гIатIид гьабун рагьизе ккани, гIемераб заманги хIажалъула. Дагьал церегIан къояз «Главрыба» гIуцIиялъул вакилзабигун районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас тIобитIараб дандчIваялда бицен ккана туристал ралагьиялъе рачIунеб Дубки поселокалда бугеб площадка къачIаялъе инвесторлъи гьеб гIуцIиялъ гьабиялда сверухъ. Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул буюрухъалда рекъон, нилъер районалъул администрациялъ хIадурана документал гьеб ракь ижараялъе кьезе. Гьедин гьабиялъ рес кьезе буго районалда туризм, гьелъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъе ва районалъул бюджеталде рачIунел хайирал цIикIкIиналъе.

***Ибрагьим Идрисов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 ТIадаб налъи тIубалаго...

гьум. 3 ЦIияб жамгIияб палата гIуцIана

гьум. 4 Спорт

# Постановление

15 января 2024 г. № 08

с. Дылым

## Об утверждении нормативов финансовых затрат и объемов денежных средств дорожного фонда муниципального района «Казбековский район», выделяемых для исполнения переданных сельским поселениям полномочий по дорожной деятельности на 2024 год.

Во исполнение Федерального закона от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федерального закона от 08.11.2007 г. № 257-ФЗ «Об автомобильных дорогах и дорожной деятельности в Российской Федерации и о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации», руководствуясь Уставом муниципального района «Казбековский район», администрация муниципального района

**ПОСТАНОВЛЯЕТ**

1. Утвердить нормативы финансовых затрат из средств дорожного фонда муниципального района «Казбековский район» для исполнения переданных сельским поселениям полномочий по дорожной деятельности на 2024 год (содержание автомобильных дорог общего пользования местного значения поселений) по нормативу 34,0 (тридцать четыре) тысячи рублей на 1 (один) километр автомобильной дороги общего пользования местного значения поселений.
2. Утвердить объёмы денежных средств, выделяемых сельским поселениям для исполнения переданных полномочий по дорожной деятельности (содержание автомобильных дорог общего пользования местного значения поселений) с учётом установленных коэффициентов горности и сложности в соответствии с приложением к настоящему постановлению.
3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Чапар», а также разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Казбековский район» в информационно-коммуникационной сети «Интернет».
4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации Эмеева З. Н.

***Г.Г. Мусаев, глава муниципального района «Казбековский район»***

Приложение
к постановлению администрации МР "Казбековский район"
от 15 января 2024 г. № 08

Распределение средств дорожного фонда МР "Казбековский район" сельским поселениям для финансового обеспечения переданных полномочий по дорожной деятельности в 2024 г. (содержание АДОПМЗ поселений)

| № п/п | Наименование поселений | Протяженность улиц, км | Коэффициент горности и сложности | Сумма, тыс. рублей |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Дылым | 36,685 | 1,0 | 1247,290 |
| 2. | Ленинаул | 44,015 | 1,0 | 1496,510 |
| 3. | Калининаул | 48.917 | 1,0 | 1663,178 |
| 4. | Буртунай | 9,397 | 1,2 | 383,398 |
| 5. | Алмак | 9,245 | 1,1 | 345,763 |
| 6. | Гуни | 16,235 | 1,1 | 607,189 |
| 7. | Гертма | 11,32 | 1,2 | 461,856 |
| 8. | Хубар | 10,896 | 1,2 | 444,557 |
| 9. | Инчха | 18,017 | 1,0 | 612,578 |
| 10. | Артлух | 2,067 | 1,2 | 84,334 |
| 11. | Гостала | 5,375 | 1,1 | 201,025 |
| | | **Всего** | | **7547,677** |

# ФАПалъе ремонт гьабуна

«Республикаялъул сахлъицIуниялъул байбихьул бутIа цIигьаби» программаялда рекъон, Хубар росдал фельдшерасулгун акушеразул пункталъе капиталияб ремонт гьабуна.



Гьелда хурхун, ФАПалъул нухмалъулей Сайбика Шахбановалъ абуна: *«Капиталияб ремонт гьабулаго тIохда ккуна маххул шифер, цIигьабуна отопление, хисана гордал-нуцIби, полал, мокърукьбакIал, къачIана минаялъул цеберахъ ва кинабниги хIажатабщинаб къайи гьениб чIезабуна.*

*Баркала буго районалъе нухмалъулезе ва ремонт гьабиялъулъ гIахьаллъарал тIолазего»*,-ян.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

# ЦIияб жамгIияб палата гIуцIана

Нижеца «Чапар» газеталда (№1-2, 12.01.2024 с., 7 гьум.) хъван букIана ЖамгIияб палатаялъул хIисабкьеялъул данделъи тIобитIиялъулги гьенир гьелъул цIиял членал рищиялъулги хIакъалъулъ.

палатаялъулъе рищарал жидер гIадамалгун цадахъ, 16 январалда тIобитIизе бугеб цIияб ЖамгIияб палатаялъул тIоцебесеб гIуцIиялъулаб данделъиялде гIахьаллъизе рачIаян.

16 январалда тIобитIараб данделъи-




Араб анкьалъ тIобитIараб аппаратальул данделъиялда районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазовас, хасгьабун, росабазул бутIрузда лъазабунги букIана, районалъул ЖамгIияб

ялда гьелъул председательлъун вищана Икрамудин Салимханов, гьесул заместительлъун-Динуч Динаев ва секретарьлъун-Мухтар Гереев.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Бергьенлъи босана

Районалда лъугьунелъул хал гьабулезда, гьелъул хIакъалъулъ цIалулезда, видеороликазухъ балагьулезда лъачIого рес гьечIо батIи-батIиял программаби бетIералде рахъинариялъулъ, спорталъулъ ва цогидалги ишал тIуразариялъулъ районалъул администрациялъул, гIуцIабазул ва мухъилал гIадамазул ругел церетIеял.

Гьеб киналъулго хIакъалъулъ, гIатIид гьабун, хъвала районалъул сайталда, *«Салатавия»* сеталда ва Интернеталъул батIи-батIиял сайтазда.

Дагьал церегIан къояз «Россия» форум-выставкаялъул площадкаялда стратегическиял инициативазул агентствоялъ ТIолгороссиялъул *«Бищун лъикIаб улка»* программа тIобитIиялъул хIасилал гьаруна.




Гьелъул *«Экология»* номинациялда республикаялъул мугIалимзабазул *«Дагъистаналъул лъагIалил мугIалим»* клубалъ гIуцIараб *«Экотропия»* проекталъул маршрут бергьана. ЦIалдохъабазул лъай цIикIкIинабиялъе *«Горенжо»* хIорихъ бакIалда ракь лъазабиялъе гIуцIараб гьеб маршруталъул хIакъалъулъ цебего хъванги букIана. Гьеб маршруталъе президентасул Грантги щвана. Федералиял экспертазул пикруялда рекъон, гьеб бищунго лъикIаблъунги кколеб буго.

Районалъул администрациялъ, гьабураб кумекалъухъ, *«Экотропия»* проекталъе нухмалъулей Эльвира Сайпуевалъе, тIадехун рехсараб клубалъул мугIалимзабазе, лъайкьеялъул, гIелмуялъулгун туризмалъул министерствоябазе, *«Даглесхоз»* гIуцIиялъе нухмалъулев Вагьаб ГIабдулхIамидовичасе баркала загьир гьабулеб буго.

***Ибрагьим Идрисов***

# Психологгун дандчIвай

8 январалда Калининаул росулъ тIобитIана росдал гIадамазулги МахIачхъалаялдаса вачIарав хъизабазулгун лъималазул психолог Заур Аскендеровасулги дандчIвай. ГIодор чIезе бакI гьечIого, цIураб клубалъул залалда тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана, росдае нухмалъи гьабулезда цадахъ, нилъер районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIамадрасул МухIамадгъазиев ва динияв хIаракатчи Хизри МухIамадов.

Суал-жаваб формаялда гIуцIараб гьеб тадбиралъул хал гьабиялда босун букIана гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул суал. Заурие кьолел суалаздасан бичIчIунеб букIана гьеб суал гIадамазе кIвар цIикIкIараблъун кколеблъи. Гьеб тадбиралде гIахьаллъараз гьесда гьединал дандчIваял хадусанги тIоритIеян гьарана.

Данделъиялъул ахиралда, росдал жамагIаталъул рахъалдасан ва гьабураб гIемераб хIалтIухъ, росдал бетIер ХIажи ХIажиевасе Баркалаялъул кагъат кьуна.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

*Инсан ва гIумру*

# Гьав Дагъистаналъул тарихалъулъе ана

Гьаб соналъул 15 январалда 85 сон тIубана Салман Таймасханович ХIажимухIамадовасе.

Узухъда, Дагъистан тун къватIибехунги жиндир цIар рагIарав Салман лъаларев чи республикаялда ватилин абизе дида кIоларо, щай абуни, гьес гIумрудул бичIчIен бугеб тIолабго рахъал республикаялъе хъулухъ гьабиялъе кьуралъул.

Салман ХIажимухIамадов гьавуна 1939 соналъ Алмахъ росулъ ХIажимухIамад Таймасхановасулги Гичибикалги хъизаналда.

Рагъда цересел соназ вижарав гьесул, росдал цогидал лъималазулго гIадин, лъимерлъи букIинчIин абизе бегьула. Дол соназ хъизаналда рукIарал тIолазулго кIигъуждузда базабулаан хъизаналъул магIишаталъул цо бутIа, гьай-гьай, Салманицаги гьеб бачана. ГьитIинаб кьоялдаса захIматалъул нухде гали тIамурав гьев дандчIвалел захIмалъаби къезариялде ругьунлъунги вукIана.

Ленинаул росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Салман Хасавюрталъул педучилищеялде лъугьана, ва гьеб лъугIун хадув Калининаул росдал школалда байбихьул классазе дарсал кьолев вукIана. Гьенив хIалтIиялъ гьесие гIумрудул гIемерал рахъал лъазе ва ричIчIине ресги кьуна.

1961 соналъ Салман Советияб Армиялъул мухъилъе ахIана. Хъулухъ гьабулеб полкалда командирзабазул школа лъугIарав гьев цин отделениялъул цинги подразделениялъул старшиналъун тIамуна. РакIбацIцIад рагъулаб хъулухъ тIубаялъухъ, заман тIаде щвелалде, гьев запасалде витIана. Гьенисан-го Салман Саратовалъул юридическияб институталъул прокурорлъиялъулабгун цIех-рехалъул факультеталде лъугьана. Гьеб институт, *«багIараб»* дипломалдалъун, лъугIизабиялъги (1968 сон) хадусан гьев гьелъул административияб ихтиаралъул ва советияб бакIалраялъул кафедраялда мугIалимлъун теялъги бихьизабуна кинаб кьимат гьесул гьениб букIарабали. Гьенибго гьес аспирантураги лъугIизабуна. Институталда хIалтIулез гьесие кьураб кьиматалда рекъон, Салман Дагъистаналда цIех-рехалъул отделалъул прокурорлъун тIамуна. Лъабго соналдасан гьесда



Гъизилюрт шагьаралъул прокурорасул хъулухъ тIадкъана. КIиго соналда жаниб Салманида бажарана жинца нухмалъи гьабулеб прокуратура шагьаразулгун районазул прокуратурабазул цебесеб мухъилъе бачине. Гьелъул хIасилалда гьев щуго соналъ гьелъулго прокурор- лъунги тIамуна. Гьениб гьабураб лъикIаб хIалтIухъ С. Таймасханович 1981 соналъ *«ХIурматалъул гIаламат»* орденалдалъун кIодоги гьавуна.

1983 соналъ Салманида тIад кьана Гъизилюрт районалъул прокурорасул хъулухъ, гьелдаго цадахъ, гьев Дагъистаналъул прокуратураялъул резервалъулъеги ккезавуна. 1985 соналъ республикаялъул прокуратураялъе нухмалъулезги обкомалъул тIоцевесев секретарь МухIамад Юсуповасги Салманида республикаялъул прокуратураялъе нухмалъи гьабизе тIадкъана. Кьокъаб заманалда жаниб хъулухъалъул гьеб борхалъиялде вахиналъ бихьизабула кинаб бербалагьи гьесул жинда тIадкъарал ишазде букIарабали. Хъулухъалде лъугьарабго, Салманица кIвар буссинабуна прокуратураялъул хIалтIухъабазул мухъилъе рацIцIадал, ритIухъал ва бажаригун лъай бугел гIадамал цIалде, гьелъ, гьай-гьай, лъикIал хIасилалги кьуна.

1991 соналъул декабралда, республикаялъул прокурорасул полномочиязул заман лъугIун хадусан, Дагъистаналъул Верховнияб Советалъул хIукмуялда рекъон, Салман ХIажимухIамадов РДялъул Конституционнияб судалъул председательлъун тIамуна. Гьелъул хIасилалда гьев, тIоцевесев председатель хIисабалда, Дагъистаналъул тарихалъулъеги ана. Салманица ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида тIадкъарал ишал гьариялъе нугIлъи гьабула гьесие щварал цIаразги шапакъатазги.

Юстициялъул генерал-майор (юстициялъул 3-абилеб классалъул пачалихъияв гIакълучи) Салман кIодо гьавуна *«СССРалъул прокуратураялъул хIурматияв хIалтIухъан»*, *«РФялъул мустахIикъав юрист»*, *«Казбек районалъул хIурматияв гражданин»* цIараздалъун, *«СССРалъул хIурматалъул гIаламат»* орденалдалъун, *«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»*, *«Жуковасул»*, *«ЗахIматалъул ветеран»* медалаздалъун, РФялъул генералияв прокурорасул гIемерал шапакъатаздалъун, РДялъул Халкъияб Собраниялъул ХIурматалъул грамоталдалъун ва РФялъул президентасул кьиматаб сайгъаталдалъун.

Гьаб соналъул 11 январалда РДялъул бетIер Сергей Меликовас бахъараб Указалда рекъон, Салман Таймасханович кIодо гьавуна республикаялъул бищун тIадегIанаблъун кколеб *«Дагъистан Республикаялъе гьабураб хъулухъалъухъ»* орденалдалъун.

Салманицаги лъади Мадинатицаги гIезабуна 3 лъимер (2 васги 1ясги). Гьесул васал инсул нухдасан ана. Гьезул цояв РДялъул Верховнияб, цогидав Арбитражнияб судазда хIалтIулел руго. Яс МахIачхъалаялда тохтурлъун хIалтIулей йиго.

ХIалхьиялда вугониги, Салманица батIи-батIиял суалалгун жиндихъе рачIарал битIараб нухде ккезарула ва гьес, гIумрудул цIикIкIун рукIиналъухъ балагьичIого, жамгIиял ишазулъ жигараб гIахьаллъиги гьабула.

Бокьун буго, районалъул жамгIатазул рахъалдасан, Салманида ракIракIалъ баркизе 85 сонилаб юбилей тIубайги республикаялъул тIадегIанаб орден щвейги. Гьаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва талихIгун рохел.

***СалихI СалихIов, Гъизилюрт шагьар***

---

# ТIадаб налъи тIубалаго...

**Шамиль ХIажимухIамадович МахIмудов** гьавуна 1984 соналъ Хубар росулъ. 2001-абилеб соналъ Шамилица Гъизилюрт шагьаралъул № 8 школа, тIокIлъиялдалъун, лъугIизабуна ва гьев



Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультеталде лъугьана. 2006 соналъ гьеб лъугIарав Шамиль армиялъул мухъилъе ахIана.

ТIадвуссун хадув, цодагьаб заманалъ адвокатлъиги гьабун, 2014 соналъ гьев МВДялъул мухъилъе лъугьана. 2016 соналдаса байбихьун, Шамиль Росгвардиялъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул хехаб реагированиялъул хасаб отрядалъул хъулухъчилъун хIалтIизе ана. 2015 соналдаса Шамилица гIахьаллъи гьабуна террористазде данде тIоритIарал операциязулъги.

2022 соналдаса гьев Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулев вуго. РакIбацIцIад гьабураб рагъулаб хъулухъалъухъ Шамиль цо чанго нухалда кIодо гьавуна ведомствоялъулал шапакъатаздалъун, кIицIулго кьвагьулареб ярагъалдалъун ва "БахIарчилъиялъухъ" медалалдалъун.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

Жители района знают, что среди участников СВО находится много ребят из нашего района и они достойно служат. К сожалению, среди них есть потери, и я выражаю глубокие соболезнования их родным и близким.



Среди участников СВО находится и Исмаил Ханбатыров. Родился Исмаил в 1988 году в сел. Калининаул. В школе он учился старательно, занимался и спортом. Исмаил окончил школу в 2006 году и был призван в ряды Российской армии. Демобилизировавшись в 2008 году, занимался разными работами, женился и имеет детей.

В 2014 году Исмаил поступил на контрактную военную службу. За добросовестную службу он был награждён медалью Суворова. В одном из боёв он был ранен, и после лечения вернулся в свою часть.

В октябре 2023 года Исмаил награждён медалью *«За храбрость»*.

***Ильмадин Конкиев, с.Калининаул***

Лъималазул ахазул гьитIичаздаса байбихьун, районалда цониги чи ватиларо Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIезегIанаб къадар нильер гIолохъабазул гIахьаллъулебги гьез гьениб бахIарчилъи бихьизабулеб букIинги лъаларев.

Гьел гIолохъабазул цоявлъун ккола Калининаул росулъа МухIамадсагIид Пусманович Тавбулатов.

1999 соналда гьавурав гьев, 2017 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, ДГУялъул Хасавюрталда бугеб филиалалде лъугьана. 2018 соналъ МухIамадсагIид Россиялъул ар-



миялъул мухъилъе ахIана. Гьениве щун заман иналде гьесда бичIчIана умумузул *«Армиялъ куцан гурони,бихьинчилъун лъугьунаро»* абиялъул магIна.

Гьесул рекIее гIуна армиялъул режим, гьениб бугеб гIадлу-низам ва тIадкъаял тIуразариялъул къагIидаби. Армиялдаса тIадвуссун хадувги гьев ракIалъ рагъулаб хъулухъалде цIалев вукIана.

Гьелъ, 2022 соналъ, кьотIи-къайги хъван, МухIамадсагIид рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана. Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьидал, гьес хъулухъ гьабулеб часть гьелъулъ гIахьаллъизе битIана.

Гьенив бахIарчиго вагьиялъухъ гьев *«СВОялъул гIахьалчи»* медалалъе мустахIикълъана.

---

**Наиб Шамилович Меджидов** гьавуна 1994 соналъ Дилим росулъ. 2011соналъ лицейги лъугIизабун, гьев Саратовалъул пачалихъияб юридическияб академиялде лъугьана.



2015 соналъ гьеб лъугIизабурав Наиб, Россиялъул армиялъул мухъилъе ахIана ва гьев ралъдал пехотаялъул часталде ккана.

2020 соналдаса байбихьун, Наибица хъулухъ гьабулеб букIана Грозныялда букIараб миллияб гвардиялъул хасаб хъулухъалъул бригадаялда.

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса гьес гьелъулъ гIахьаллъи гьабулеб буго. Гьеб операциялда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ Наиб *«СВОялъул гIахьалчи»* медалалдалъун кIодо гьавуна.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

# ОМВД ИНФОРМИРУЕТ...




# Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 10 информирует...

В настоящее время в быту очень широко используется бытовой газ. Бытовой газ не имеет ни цвета, ни запаха, но, для того чтобы можно было обнаружить его утечку, в него добавляют специальные вещества, имеющие специфический запах.

В целях обеспечения безопасности при использовании газового оборудования в жилищно-коммунальном хозяйстве отделом надзорной деятельности и профилактической работы № 10 по городу Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам проводится комплекс профилактических мерроприятий, направленных на снижение количества пожаров и гибели людей.

**Основные правила пользования бытовыми газовыми приборами**

- перед включением всех газовых приборов необходимо проветривать помещение и на все время работы оставлять форточку открытой. Не оставляйте работающие газовые приборы без внимания и следите, чтобы пламя конфорки не погасло;

- перед включением газовой плиты или горелки нужно сначала зажечь спичку, затем поднести огонь к конфорке и только после этого можно открывать кран на газовом приборе;

- следить за исправностью дымоходов и вентиляционных каналов – проверять тягу до и после включения газового оборудования с отводом продуктов сгорания в дымоход, а также периодически во время его работы;

- регулярно проверять исправность газового оборудования: для этого необходимо заключить договор со специализированной организацией на проверку технического состояния газового оборудования.

**Запрещается:**

- использовать газовые плиты для обогрева помещений;
- использовать газовые приборы с неисправной или отключенной автоматикой безопасности;
- оставлять работающие газовые приборы без присмотра;
- допускать к пользованию газом детей и лиц в нетрезвом состоянии;
- самостоятельно проводить установку и ремонт газового оборудования.

**При обнаружении запаха газа обязательно нужно:**

- закрыть кран на отводе к газовым приборам;
- перекрыть подачу газа к плите;
- открыть окна и форточки;
- не включайте и не выключайте электроприборы;
- не допускайте образования искры или огня в загазованном помещении;
- не зажигайте спички и не курите;
- незамедлительно сообщить по номеру *«104»* в аварийную службу газа или в единую службу спасения *«112»*, при возникновении пожара сообщите по номеру *«101»*.

**Если вы собственник или пользователь земельного участка, расположенного в пределах охранной зоны газораспределительных сетей**

На земельных участках, расположенных от газопроводов или других объектов газораспределительной системы на расстояниях, регламентированных Правилами охраны газораспределительных сетей, запрещается:

- строить любые объекты;
- перемещать или повреждать опознавательные знаки, контрольно-измерительные пункты и другие устройства газораспределительных сетей;
- огораживать и перегораживать охранные зоны, препятствовать доступу персонала эксплуатационных организаций к газораспределительным сетям, проведению обслуживания и устранению повреждений;
- разводить огонь и размещать источники огня;
- копать землю на глубину более 0,3 м;
- использовать надземные газопроводы в качестве опоры для проведения различных действий на высоте, приставлять к ним посторонние предметы;
- самовольно подключаться к газораспределительным сетям.

**При проведении земляных работ**

При проведении земляных работ в охранной зоне газораспределительных сетей необходимо письменно уведомить эксплуатационную организацию не менее чем за 3 рабочих дня до начала работ. На место производства работ необходимо вызвать представителя газовой службы.

Напоминаем юридическим и физическим лицам – перед началом производства земляных работ на любой территории необходимо согласовать их проведение в газораспределительной организации муниципального района. В разрешении указывается местоположение трассы газопровода, глубина размещения труб, а также выдаются рекомендации по обеспечению сохранности газораспределительных сетей.

Берегите себя и своих близких, следите за исправностью газового оборудования, не прибегайте к его самостоятельной установке или ремонту

***Н.К. Насрудинов, заместитель начальника ОНД и ПР № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам***

# Самбоялъул къецал тIоритIана

Районцоязда лъала районалъул администрациялъ, батIи- батIиял гIуцIабаз ва мухъилал гIадамаз Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал кIочонгутIиялъе, гьезулгун рагъда ругезул хъизабазе кумек гьабиялъе тIоритIарал тадбиразул хIакъикъат. СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал кIочонгутIиялъул тадбирал тIоритIулел руго гьез хъулухъ гьабулел рукIарал рагъулал частаздаги.




Гьедин, МухIамадрашид КъутIараевас хъулухъ гьабулеб букIараб рагъулаб часталда тIоритIана гьев ракIалде щвезавиялда хурхарал самбоялъул къецал. Округалъул ва ПВОялъул 44 дивизиялъул спорталъул комитеталъ рахъ ккурал гьел къецазда 36 спортсмен гIахьаллъана.

Къецал гIуцIараз лъазабуна гьел щибаб соналъ тIоритIизе ругиланги.

Районалъул бетIерас, МухIамадрашидил гIага-божараз ва районалъул гIадамаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго къецал гIуцIараб Калининградалъул областалда бугеб ПВОялъул 44-абилеб дивизиялъе нухмалъулезе нилъер ракьцояв кIочонгутIиялъе тIоритIарал къецазухъ.

***Насрула Алиукъаев***

# Мун гIадал гьареги магIарухъ ясал

*МугIрузда йижарай, гIолилай, дуе*
*МагIарул гIаданлъи Бичас кьун буго.*
*Гертмаялда гIурай, мугIрул меседо,*
*БацIцIадаб намусги кьун буго дуе.*

Гертма росдал социалияй хIалтIухъан, медсестра Алжанат Салимсултановалъе, дирго ва хъизаналъул рахъалдасан, *"Чапар"* газета гьоркьобккун, кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго.

Алжанат йиго ракI рагьарай, гIамал берцинай, намус цIикIкIарай, херал, гIисинал батIалъи гьечIого, гьезулгун гьоркьоблъи батизе бажарулей гIадан. Гьелъул тIабигIаталъулъ бессун буго гIадан вокьиги хIажаталъуй ятиги. Гьей якьадалъул гурдил квенчIелалъул гьаюрай йигин абуни, мекъи ккеларо, щайгурелъул гьелъул якьад Загьидат Салимсултанова (ж.м.ч.) росдада лъалаан лъикIай, гIадамасул рекIелъе нух батулей инсанлъунги мугIалимлъунги. Росдал жамагIаталъе гьечIого гIоларей, хинал рагIабаздалъун, гIадамазул рекIел хIал лъикIлъизабулей Алжанат жание лъугьиндал, унтицин анилан ккола. Гьелъул хъулухъалъ, хIалимаб рагIуца сах гьарула.

Жиндирго хъизаналдего гIадаб бербалагьи буго гьелъул цогидаздехунги.

Гьей регIула рукъалъул магIишаталда кинабго хIалтIи гьабизеги, амма цIикIкIунисеб заман гьелъул бокьулеб хIалтIуда уна. Жинцаго тIаса бищараб гьеб ишалдаса Алжанат кидаго разиги йикIуна.

Дун вуго захIматалъул хIалтIул ветеран Абакаров ХIасанхан. Бокьун буго, дирго ва дир кIудияб хъизаналъул рахъалдасан, Алжанатида, кватIун букIаниги, тIаде щвараб ЦIияб сон баркизе. Гьаризе гьелъие щулияб сахлъи, рекIел парахалъи, хъизан-лъималаздаса йохи.

Аллагьас, унти- балагьал кIочон, хьихьаги мун, Алжанат!

***ХIасанхан Абубакаров, Гертма росу***

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес:
РД, Казбек район,
Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**